

**INAMA  
NKENGUZAMATEKA**

**SENAT**

Adresse : Avenue du Peuple Murundi  
B.P. : 114 Gitega  
Tél. : (+257) 22 40 50 08  
22 40 50 23

Site Web : [www.senat.bi](http://www.senat.bi)  
e-mail : [info@senat.bi](mailto:info@senat.bi)


**N.Réf: SNB/COMIII/ ..... /2023**

**Commission permanente chargée  
des questions économiques, de  
l'environnement, des finances et  
du budget**



**LEG VI/Q.O. N °16**

**Le 1<sup>er</sup> février 2023**



**IKIBAZO GISHIKIRIJWE UMUSHKIRANGANJI AJEJWE IBIDUKIKIJE, UBURIMYI  
N'UBWOROZI N'UMURWI WAMAHO UJEJWE IBIBAZO VY'UBUTUNZI  
N'IBIDUKIKIJE**

**I. INTANGAMARARA**


Ibwirizwa Nshingiro rya Repuburika y'Uburundi riraha Inama Nkenguzamateka uburenganzira bwo kugenzura ibikorwa vya Reta mu ngingo yayo y' 163.

Umwimbu wo mu gisata c'uburimi mu gihugu c'Uburundi urakunda guhungabana bivuye kw'ihindagurika ry'ibihe. Ivyo bimeze uko mu gihe hariho ibihugu vyinshi bitagiriwe amahirwe yo kuronka imvura ikwiye, harimwo n'ibihugu vy'ubugaragwa imvura ishobora kumara imyaka itaguye ariko bigashobora kuronka umwimbu ushobora kubeshaho ababa muri ivyo bihugu bakaronka n'ivyo bashora ku masoko.

Igihugu c'Uburundi kirafise kandi inzuzi n'ibiyaga bitandukanye vyoshobora gufasha kuvomera imirima bigatuma umwimbu uvuye mu burimi n'uworozi ushobora kuboneka umwaka wose. Ariko icibonekeza ni uko iyo imvura icerewe ukwezi kumwe uca umenga ijuru rirakorotse.

Ubushikiranganji bujewe ibidukikije, uburimi n'ubworozi mu migambi yabwo butegerezwa gutegekanya ibikorwa vyotuma haboneka umwimbu ushimishije biciye mu bushakashatsi, mu gukoresha amazi y'inzuzi n'ibiyaga hamwe n'ukubika amazi y'imvura agakoreshwa mu gihe c'ici.

Ni muri icyo ntumbero umurwi wamaho ujewe ibibazo vy'ubutunzi n'ibidukikije wateguye iki kibazo kugira abenegihugu bamenye ibiriko birakorwa kugira Uburundi bukinge bwongere bugwanye inzara ishobora gutera yongerekana mu gihe ibirere vyobandanya bihindagurika ku murindi biriko n'isi ndimwa igatera itituka.



## **II. IBIBAZO NYEZINA**

### **IKIBAZO CA 1 :**

Turabona ko muri icyo minsi ikigo ISABU kitagihingura imbuto ku rugero rukwiye. Iyo bikaba mu gihe igihugu gishaka gushingira iterambere ku burimyi n'ubworozi.

**Nyakwubahwa Mushikiranganji, hoba hari ingorane iyihe? Ikigo ISABU coba kitagifise abashakashatsi ko tubona ibigo vyo kugwirizamwo imbuto bihari kandi bikwiye ?**


### **IKIBAZO CA 2 :**

Amakuru y'ikirere atangwa n'ikigo IGEBU biraboneka ko kenshi adahura n'ibiba ku rubuga. Murabona ko imvura bashobora kuvuga ngo uno minsi iragwa canke ngo muri icyo gihe c'irima kanaka hazogwa imvura ingana uku canke kuriya hanyuma ahubwo ugasanga mu gishingo c'imvura hatse uruzuba canke haguye urubura, ibihuhusi n'ibindi bigatuma mbere amakuru y'ikigo IGEBU abarimyi batayizera.

**a) Nyakwubahwa Mushikiranganji, hoba hari ingorane nyabaki zituma badatanga amakuru yizewe ?**

**b) Ko biboneka ko imvura yatasuye itevye, irima ry'agatasi rikaba ryatanguye ritevye cane, tukabona irima ry'impeshi naryo rigiye gutangura kandi imirima y'agatasi ataho iragera, none birashoboka ko abarimyi, nk'akarorero, batera ibiharage mu bigori bitarera, bitarashinga imizi cane hamwe hamwe bagaheza bakitega umwimbu wa bimwe n'ibindi ?**

- c) Mbega Nyakwubahwa Mushikiranganji hamwe imvura yo muri kino gihe c'impeshi yoba nkeya, kuko turabona ko itera igabanuka, abantu na bo bakaba bakirindiriye ko imirima y'agatasi yera kugira barimire igice ca kabiri, mutegekanya iki kugira ngo igihugu cacu kizoshobore guhangana n'ikiza c'inzara gishobora kwaduka hamwe coza kikamara amezi menshi ?
- d) Mbega mwotubwira imigambi nyamukuru kandi yihutirwa muriko murashira mu ngiro kugira turwanye bimwe biboneka kandi mu buryo burama inzara yisubiriza (insécurité alimentaire) ?



**IKIBAZO CA 3 :**

Abarimyi baramaze kwijukira gukoresha umwavu w'ikizungu kugira ngo bafumbire isi ndimwa igumane akanovera, gutyo bagwize umwibu.

Duhiriwe duhishije turanafise uruganda FOMI ruhingura umwavu.

- a) Nyakwubahwa Mushikiranganji, mubona hari akarusho vyazaniye abarimyi kuva hatanguye gukoreshwa uwo mwavu wa FOMI ugereraniye n'igihe bakoresha iyindi myavu yahora iva hanze ?
- b) Mubona urwo ruganda rufise ubushobozi bukwiye kugira abarimyi baronke umwavu ukwiye kandi ku gihe ?
- c) Ko hari abenegihugu bafise amikoro make kandi abarundi benshi bakaba batanzwe n'uburimyi, nta kuntu urwo ruganda rwotekera umwavu mu mifuko y'ibiro bitandukanye uhereye ku biro cumi?

**IKIBAZO CA 4 :**

Ubushikiranganji mujejwe buheruka gushira ahabona itangazo rivuga ibiterwa bishasha vyimbuka ku ntara kama imwe imwe mu ntara kama 11 zigize Uburundi. Mwaravuze ibiterwa nka « millet, champignon, macadamia, anacardia » n'ibindi.

**Nyakwubahwa Mushikiranganji,**

**a) mbega mwoshobora kutubwira urugero mugezeko mu gukwiragiza izo mbuto ? Hari umwimbu woba umaze kuboneka ?**

**b) Ivyo biterwa nimba vyaramaze gutangura gutangwa, mwoba mufise isoko ababirima bashobora kubishoramwo ?**

**IKIBAZO CA 5 :**

Haracye igihe igihugu cacu kiriko kirashira mu ngiro umugambi w'ubworozi bwa kijambere bw'ibitungwa binini binini na bito bito mu co bise « chaîne de solidarité d'élevage ».

**Nyakwubahwa Mushikiranganji uwo mugambi mubona hari akarusho umaze kuzana ? Mubona umwimbu mwari mwiteze warashitsweko ?**


**IKIBAZO CA 6 :**

Mu nyishu zihutirwa zotuma igihugu cacu gitorera umuti ikiza c'inzara giturutse kw'ikena ry'imvura n'ihindagurika ry'ibihe, Ubushikiranganji mujejwe burategekanya kuvomera imirima n'indimiro vyo ku mitumba bukoreshaje amazi y'imvura n'amazi ava mu misozi ico bita « le système d'irrigation collinaire par la retenue des eaux pluviales et le drainage des eaux de montagnes ». Ivyo rero biraheza bigafasha kwimbura igihe cose, kandi amezi cumi n'abiri kuri cumi n'abiri, bigatuma ata mapfa asubira kuba mu gihugu.

**a) Nyakwubahwa Mushikiranganji, mumaze gukora iki kugira uwo mugambi uje mu ngiro mu gihugu cose ?**

**b) Mbega ko tubona hariho amatongo menshi manini manini ya Reta ataco ariko arakora, ntimubona ko vyoba vyiza Reta irondeye abagwizatunga babishoboye, ikabashigikira kugira ngo bayarime umwimbu ushorwe ku masoko yo hagati mu gihugu umusekara nawo ushorwe ku masoko yo hanze gutyo turonke amahera mvamakungu?**





**IKIBAZO CA 7 :**

Mu ntumbero yo gukingira isi ndimwa hariho umugambi « Ewe Burundi Urambaye » uriko urarangurwa mu gihugu cose mu gutera ibiti ku misozi. Ariko henshi ku misozi ihanamyeye hategerezwa gucibwa imikobeko kugira harwanywe inkukura ituma isi itituka.

- a) Nyakwubahwa Mushikiranganji, habuze iki kugira ngo imisozi yose ihanamyeye icyibwako imikobeko haterweko n'ubwatsi bukingira icyo mikobeko (les courbes de niveau et les terrasses radicales) kugira ngo isi yacu igumane akanovera ?
- b) Mbega itegeko rigenga amazi rirakurikizwa ko tubona hariho abarima canke abubaka begereza cane ku nkengera z'ibiyaga n'inzuzi, bica bituma inkombe zibomoka ndetse hamwe hamwe hagatera imyuzurira n'ibinyabuzima biri mu biyaga n'inzuzi bikahagirira ingorane ?

**KU BW'UMURWI WAMAHO UJEJWE IBIBAZO  
VY'UBUTUNZI N'IBIDUKIKIJE ;**

**Umukenguzamateka Fabrice NKURUNZIZA,**

**Umukuru w'umurwi.**